

# Mache kiltivatè



**Dekouvri Abondans  
agrikilti Massachusetts  
la nan Mache kiltivatè  
lokal ou a!**

Kit ou rete nan vil la oswa nan katye rezidansyèl yo, gen yon mache kiltivatè Massachusetts yo ki pa twò lwen w! Depi sezon prentan rive jiska fen sezon otòn, menm pandan sezon ivè a, ou ka jwenn plantè lokal ki ranje tant yo epi fè bél etalaj fwi ak legim yo fenk rekòlte nan plas piblik, pak, ak lòt kote nan vil la.





Nan anpil mache kiltivatè yo, ou ka jwenn lòt bon pwodwi ki fèt nan fem epi ki fèt lokalman, tankou pwodwi patisri, konfiti ak jele, pwodwi erab, siwo myèl, fwomaj ki fèt sou fèm, flè, ze, vyann, bêt volay, ak plis toujou! Anbyans fèt la ak manje fre yo ap siman fè tout sans ou yo plezi.

Pandan mwa ivè yo, gen anpil mache kiltivatè pou sezon ivè ak fèt yo ki mete tab yo etan anndan kay.



Soti nan pòm rive nan koujèt,  
MassGrow gen tout sa ou bezwen!

Eskane la a pou w ka jwenn plis enfòmasyon!



@MassDeptAgr



@MassGrow

Ale sou [www.mass.gov/massgrow](http://www.mass.gov/massgrow)  
pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w achte  
manje lokal nan Massachusetts!